Накъыгъэм и 19 - 20-хэм Налшык щагъэлъэпIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къыззэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъуар

Накъыгъэм и 21-м - Адыгэхэм я фэеплъ махуэм - Хуитыныгъэм и хадэм щызэхэтащ нэщхъеящ пэкIу

Накъыгъэм и 20-м дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Джомолунгмэ (Эверест) дэкIащ адыгэ пщащэ МЭЗ КАРИНЭ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№93 (22.001) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхъ лъагэу Эверест и щыгум тесыр Мэз Каринэщ.

Шэрджэс телъыджэ

Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу дунейпсом и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Эверестым (метр 8848-рэ) дэкIри абы и щыгум ди лъэпкъ ныпыр щыхитIащ адыгэ пщащэ Мэз Каринэ.

ДУНЕЙМ и бгы нэхъ лъагэ дыдэм тету спутник телефонкIэ къэпсальэри, а хьыбар гуапэр накъыгъэм и 20-м кIыпIуэтащ езы Каринэ.

Эверест дэкIыныр Мэзым триухуащ Адыгэхэм я фэеплъ махуэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр (ДАХ) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъумрэ. Абыкlэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ Iуэхум текIуэдэну мыдыкур хуХэзыхăхэу «Бум-Банк» (унафэщIыр ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахъуэ Кьанщобийщ), «Алика-К» (Къуэжькоькъуэ Артур), «Борэн-текстиль» (Шыкъ Борэн) акционер обществэхэр.

Мэз Каринэ эыхэт гупым пасэу зыхуэгъэхьэзырын щIидзащ дунейпсом и бгы нэхъ лъагэ дыдэм зэрыдэкIынум. ТекIуэныгъэ Иным ирихьэлIэу ахэр Эверест и ищхьэрэ щыгум - Чанцзе (метр 7500-рэ и лъагагъщ) дэкIащ. Абы иужькlэ зыщагъэпсэху щыпIэм къагъэзэжри, махуэ зыбжанэкIэ метр 6400-рэ зи лъагагъ хэщIапIэм щыIащ.

Дунейр уэфI зэрыхъуу, накъыгъэм и 18-м, Каринэ Эверестым ебгъэрыкIуэм щIидзащ. Ятп махуэм ар метр 7000-м нэсащ. Къыкlэлъыкlуэм аргуэру километр ныкъуэ хигъэщIащ.

Накъыгъэм и 20-м и пшэдджыжьым Мэз Каринэ Iэтпхъуащ метр 8300-рэ и лъагагъыу щыIэ лагерым. Абы кIэух гъуэгуанэм зыщIкъэзыхъэныру щIидзащ. Мыбдежым хуабжьу сэбэп къыщыхуэхъуащ и тренер Хьуп Рудольф зыхуигъэса Iэмалхэр.

Арати, Непалым и щIпIэ зэманымкIэ накъыгъэм и 21-м жэщыр сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 30-м (Мэзкумкlэ накъыгъэм и 20-м сыхьэт 22-рэ дакъикъэ 30-м) зыхэта гупым ящыщу ятп дыдэу Эверестым и щыгум нэсащ адыгэ бзылъхугъэ Мэз Каринэрэ Ирландиемрэ щыш Ханн Ноэлрэ. Дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум дэкIуейхэм жьапщэ инымрэ щIыIэ уаемрэ кьапэуват. Арщхьэкlэ дэтхэнэ зы альпинистми и хъуэпсапIэр - Эверестым и щхьэм кIыщыхутэныр - зрагъэхьулIэн папщIэ абыхэм зыри кьапэлъэщIыжынутэкым. А хъуэпсапIэ иныр Мэз Карини кьехъулIащ! Ар адыгэ тхыдэм хыхьэну Iуэхугъуэ дахэщ.

Кьыхэдгъэщыну дыхуейт 2007 гъэм Мэзыр Эверестым дэкIыну пэгъунэгъу хъуауэ зэрыщытар. Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьихьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу эдытеува гъуэгуанэ гугъум щыщу дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм метр мини 7,5-кIэ дэкIуеяуэ абы кьитхъэхащ, зи узыншагъэр кьызэIыхьауэ щIылъэн къэгъэсыжын хуей хъуа нэгъэщIкъэрал икIа альпинистыр кьришэхыжри. Абыкlэ адыгэ бзылъхугъэм кьигъэлъэгъуащ гущIэгъуныуэ зэрыщытыр икIи цыхум дэIэпыкъуныр сыт хуэдэ Iуэхугъэми ятп зэрыригъэщIыр.

Мэз Каринэ Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ факультетыр диплом плъыжькlэ кьиухащ. Илъэсипщl хъуауэ альпинизмым дехьэх. А зэманым щыш Ханн Ноэлрэ. Дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум дэкIуейхэм жьапщэ инымрэ щIыIэ уаемрэ кьапэуват. Арщхьэкlэ дэтхэнэ зы альпинистми и хъуэпсапIэр - Эверестым и щхьэм кIыщыхутэныр - зрагъэхьулIэн папщIэ абыхэм зыри кьапэлъэщIыжынутэкым. А хъуэпсапIэ иныр Мэз Карини кьехъулIащ! Ар адыгэ тхыдэм хыхьэну Iуэхугъуэ дахэщ.

Кьыхэдгъэщыну дыхуейт 2007 гъэм Мэзыр Эверестым дэкIыну пэгъунэгъу хъуауэ зэрыщытар. Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьихьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу эдытеува гъуэгуанэ гугъум щыщу дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм метр мини 7,5-кIэ дэкIуеяуэ абы кьитхъэхащ, зи узыншагъэр кьызэIыхьауэ щIылъэн къэгъэсыжын хуей хъуа нэгъэщIкъэрал икIа альпинистыр кьришэхыжри. Абыкlэ адыгэ бзылъхугъэм кьигъэлъэгъуащ гущIэгъуныуэ зэрыщытыр икIи цыхум дэIэпыкъуныр сыт хуэдэ Iуэхугъэми ятп зэрыригъэщIыр.

Мэз Каринэ Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ факультетыр диплом плъыжькlэ кьиухащ. Илъэсипщl хъуауэ альпинизмым дехьэх. А зэманым щыш Ханн Ноэлрэ. Дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум дэкIуейхэм жьапщэ инымрэ щIыIэ уаемрэ кьапэуват. Арщхьэкlэ дэтхэнэ зы альпинистми и хъуэпсапIэр - Эверестым и щхьэм кIыщыхутэныр - зрагъэхьулIэн папщIэ абыхэм зыри кьапэлъэщIыжынутэкым. А хъуэпсапIэ иныр Мэз Карини кьехъулIащ! - куэдым я пльапIэ Эверестым ар дэкIащ, кьызыхэкIа и лъэпкъым и пщIэр лъагэу иIэту, абы и фэеплъыр имыгъэгъуащэу, Тхьэм и насыпыр ин ищI!

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

* * *

Мэз Каринэ Юрэ и пхъур 1982 гъэм Налшык кьыщалъхуащ. Зэрысабийрэ бгы туризмым дехьэх, КъБКъУ-м и командэ кьыхэхам хэтащ. Бгы туризмымкIэ инструктор, КъБР-м и МЧС-м и кьегъэлакIуэ Iэщlагъэхэр иIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Альпинизмымкlэ, спорт туризмымрэ Iуэхум эмэкIымкIэ федерацэм и правленэм хэтщ, Налшык кьалэм и альпинистхэм я клубым и кьыззэгъэпэщакIуэщ.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ирокlуэ къалэкум ныбжьыщIэхэр

Накъыгъэм и 21-м, Адыгэхэм я фэеплъ махуэм, щIэдджыжьыр сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 20-м ирихьэлIэу цIыхушхэ щызэхэсат тхыдэм кьыхэна адыгэлI щыпкъэ, къэбэрдеипщ ХьэтIохъуащокъуэ Кьурэуокъуэ и сыныр щагъэувыну ягъэбедаджыла щIыпIэм. Фиту къэдгъэIыжьащи, Осетии, Лениным и уэрамхэм я зэхэкIыпIэм дежщIэ Щхьэхуитныигъэм и жыг хадэм мывэ щагъэтIылъащ, и ужькlэ фэеплъ ягъэувыжыну. АтIэ, абдеж щызэхэсат республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр, адэ-анэхэр, сабийхэр.

КIуэ пэтми нэхъыбэ кьэхъу цIыхухэм ящхьэщыхуагъэзат ныпхэр. Адыгэ фащэкIэ зэщыхуэныкIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ уахэплъэну гуэхъуэт.

Куэд дэмыкIыу абыхэм гъусэ яхуэхъуащ автовокзал лъэныкъуэмкIэ кьикIа шу гупыр. Ахэр шы кьызэщIэплъа, зэпыльэщIыхьа екIухэм тесрэ, адыгэ фащэ дахэ кьащылыдыкIыу кIуэрыкIуэм тету кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм техьащ. Абы лъэсу якIэлъежьащ кьызэхуэсауэ зэхэтхэр. Лениным и уэрамым и бгъуитIымкIи кьепщIэкIа цIыхухэм яфIэгъэщIэгъэнэу зэпаплъыхьырт кьалэкум ирикIуэхэр. Шухэм яужь ит лъэсырыкIуэхэм я папшэт Адыгэхэм я фэеплъ махуэм теухуауэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщынымкIэ Зэзыгъэу Iу (Координационнэ) советым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, зекIуэм икIу гъуэгуанэр лъэпощхьэпоунэщ щIынымкIэ ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм лъэкI кьызэрамытъэнар.

ЛъэсырыкIуэ гупыр Правительствэм и Унэм бдэкIри, сэмэгумкIэ ягъэзащ. Адэкlэ ЩоджэнщыкIуэм и уэрамымкIэ ирагъэзыхри, Фэеплъ махуэм теухуауэ екIуэкIи хуей пэкIуэ хьащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Пэжым папщIэ

● Пэкlу

Хабзэ зэрыхъуауэ, накъыгъэм и 21-м, Налшык, Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж, щызэхэтащ пэкIуэщхуэ. Апхуэдэ пэкIуэхэр зэрекIуэкI льандэрэ мы гъэм хуэдэу цыху куэд зэи кьекIуэлIатэкъым, 1991 гъэр хьымыбжэмэ. Абы кьрихьэлIащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Шхьэгуэш Адэлбий, ФедерацэмкIэ Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лЫкIуэу щыIэ Къэжэр Альберт, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, Парламентым и депутатхэр, хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр, жылагъуэ, политикэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр, республикэм и жылагъуэ псоми кьикIа цIыхухэр. Пэкlур иригъэкIуэкIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан.

Урыс пащтыкьыгъуэм 1763 гъэм Кавказым зауэшхуэ щызэхиублэм, и пщIыхьэпIи къыхэхуа кьыщIэкIынтэкъым ар илъэси 101-рэ зи кIыхьагъ, лъыпсрэ хьэдэкIэ сея гъэугуанэ кIыхьу, хьэлъэу кьыщIэкIыну. А пIалъэм кьриубыдэу хуэкIыр зэтриукIэу, адыгэ лъэпкъым кьыхинэжа щIагъуэ щымыIэми, кьела тIэкIуми Хэкум я щхьэр ирырагъэхащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ адыгэхэр дунейм тепхъа хьуа лъэпкъым экIуэдэжьынкIэ зэрыхьунур шынагъуэшхуэу кьыщхьэщытщ.

А псори жалащ пэкIур кьыщызэIуахым.

Абы кьыщыпсэльащ хамэ къэралхэм щыIэ Адыгэ Хасэ зэмылIэужьыгъуэхэм я тхьэмадэхэр. Ятп псалъэ зэратар Йорданым и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Кьардэн Самирщ**.

- Нобэрей махуэр зыщыгъупща е зыщыгъупщэн адыгэ дунейм тету кьыщIэкIынкъым. Ар адыгэ псоми ягу зыгъэуз махуэщ. А зауэм хэкIуэда ди адэщхуэхэр ящIэж ди бынхэм, ящыгъупщэнукьым ар абыхэм кьащIэхъуэнухэми. Дэ, хамэщI щыпсэу адыгэхэм, ди гур хуопабгъэ ди щыналъэм. Ахъшэ е нэгъуэщI кьыдаткIэ дыарэзыкьым, арэзы дыкьэзыщIынур ди щыгур дгъуэтыжмэщ.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

Къалэн нэхъыщхьэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и псалъэ

Гуфiэгъуэ зэIущIэм кьрихьэлIаxэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Хьэщ1э лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ, си щхьэм кьыбгъэдэкIыу сэлам фызох икIи сынывохъуэхъу Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс тIощI зэрырикъумкIэ.

1991 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщам адыгэ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэщхуэ иIащ. Абы дэ фIэщхьныгъэ кьыгъэлъхащ лъэпкъым зиужьыжьыным, щэнхабзэр, кьыздекIуэкI хабзэхэр, бзэр хъумэным, зэкъуэуда хьуа лъэпкъыр зэпыщIэжьным хуэунэтIауэ дунейм адыгэу тетым ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр тэмэму зэблэзыгъэкIыфын зэгухьэныгъэу ар зэрыщытыфынымкIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьыщыунэхуа, абы и Iуэхугъэ щыззэтеува лъэхъэнэр техуащ зэхъуэкIыныгъэ кууэр щIэгъэхуэзбжьауэ щекIуэкIа, къэралым и ухуэкIэр щакъута, урысей жылагъуэщIэмрэ къэралыгъуэщIэмрэ демократием, дуней псом кьыщалъытэ хабзэхэм тету зэтрагъэпсихьу щыхуежьа иужьхэхэм. Зы лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, а Iуэхур зыбжанэкIэ кьиутэхьащ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми ятпэIэса кризисым, мыдрей лъэныкъуэкIэ укьыщепльмэ - а Iуэхум кьызэщIиIэтащ лъэпкъхэм я зэхэщIыкIыр.

Адыгэ, абазэ лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэныжкIэ кьыпхуэмылъытэну инщ, мыхьэнэщхуэ иIэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Иджыпсту щэн кьытумыхьэжу жыпIэ хъунущ: Дунейпсо Адыгэ Хасэр дунейпсо утыкум кьыщалъыта, къэрал куэдым щыIэ организацэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэ зыхуащI, Iуэхуфlхэм елэжьу кьалъытэ зэгухьэныгъэщ.

Хуабжьу си гуапэу кьыхэзгъэщыну сыхуейщ: сыт хуэдэ гугъуехьхэр щыIами, блэкIа илъэс псоми Дунейпсо Адыгэ Хасэм текI имыIэу тетащ мамырыгъэр кьызэгъэпэщынымрэ цIыхум и псэукIэр егъэфIэкIуэныкъэ хуэунэтIа гъэугум. Ар икIи гурыIуэгъуэщ, сыту жыпIэмэ ахэращ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэмрэ и зэхэтыкIэмрэ сыт щыгъуэ я лъабжьэу щытар. Адыгэ щэнхабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ кьезэгъэну Дунейпсо Адыгэ Хасэр щабэу икIи тэмакъкIыхьу елэжьащ дэтхэнэ лъэпкъри тэмэму псэунымкIэ, зиужьынымкIэ кьалэн нэхъыщхьэхэм - бзэр, хабзэхэр хъумэным, тхыдэм и пэжыр гъэнэIужьным.

А Iуэхуфl псоми яхуэфэщэн пщIэ зэрахуэщIым кьыдэкIуэну, сэ кьыхэзгъэщхьэхуэкIыну сыхуейт адыгэхэм я лъэпкъ, щэнхабзэ кьэщIэрэщIэжьныгъэм, абы и социально-экономикэ зыужьыныгъэм - ди лъэпкъым хуэфэщэн увыпIэ дунейпсо утыкум щиубыдын папщIэ нэхъыщхьэу щытхэм - япыщIа Iуэхуэхэр дыубла кьудейуэ зэрыарар.

Иджырей лъхъэнэм сГъэлеяуэ кьалэныщхуэу кьызолъытэ адыгэхэм кьадекIуэкI хабзэмрэ дуней тетыкIэмрэ зызыужь гъащIэм зэрегъэзгъыпхъэр, щIэныгъэр и лъабжьэу кьэлъыхуэныр. Аращ ди лъэпкъхэм кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр - лъэпкъымрэ абы и щэнхабзэмрэ хъумэныр, абы кьыдэкIуэу дунейпсо зэхъуэкIныныгъэхэм зыхъгъэзэгъэныр, ар гъэзэщIэнымкIэ Iэмалхэр кьызэгъэпэщыныр.

Дауи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и купщIэр зытещIыхьар мамырыгъэр хъумэныр, апхуэдэу дэпэкIи щытын хуейщ. Щэч кьытеслъхьэркъым, гъащIэм сыт хуэдэу зэбгридзами, дуней псом адыгэу тетым мамырыгъэр хъумэным хуэунэтIа жэрдэмхэр сытым дежи кьаэрыбгъэдэкIынум, зауэхэм я бийуэ зэрыщытынум, сэыхэр щыпсэу къэралхэм я унафэщIхэм тэмэму зэрадекIуэкIын акъыл зэрахэлъынум, апхуэдэу ди лъэпкъхэм я кьэкIуэнум хуэунэтIауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр адыгэ лъэпкъыр зэрыгъэзубыдыжьным, зэкъуэгъэувэжьным дяпэкIи зэрытриухуэнум.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэм фIыгъэм хуэунэтIа а мурад лъапIэр зэгъэхьулIэнымкIэ зэфIэкI кьагъэлъэгъуэну, узыншагъэ быдэ яIэну, ефIэкIуэну, ди хьэщIэ лъапIэхэми Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм зэрыщыIэ зэманыр гукъынэ ящыхьыну сохьуэхьу.

Къалэ З. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и Iэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал властым и органхэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Къалэ Замир Iуес и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iуэхуэхэр зезыгъакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ

2011 гъэм накъыгъэм и 17-м

№78-УП

ЩIы Iуэхум топсэлъыхь

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен «Адыгэ Хасэ», «Вече», «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэм яхуэзащ. Зэ1ущIэм щытепсэлъыхьащ гъэмахуэ хъупIэхэм хиубыдэ щыхьэм я картэм, апхуэдэу щIым пыщIа Iуэхуэхэр зэIубз щыным.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр дэтхэнэ жылагъуэ зэгухьэныгъэми и лЫкIуэхэм щхьэхуэурэ яIущащ. Абыхэм жалахэр кьаратынущ щIым пыщIа унафэхэр кьыщащтэкIэ.

Дыззэрыщыгъуазэщи, республикэм и унафэщIым и жэрдэмкIэ, 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьызэригъэпэщащэ щытащ «УФ-м щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр кьызэрыщыщIэзэрагъэпэщ хабзэ нэхъыщхьэу псоми яхуэгъэзащэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №131-р гъэзэщIэным ехьэлIа хабзэ мардэхэр кьыдагъэкIынынымкIэ жэрдэм кьиIэтыну хунтыныгъэ зиIэ Зэгурыыгъэ1уэхэр комиссэ. Абы я бжьыгъэкIэ зэхуэдэу адыгэхэр, балъкъэрхэр, урысхэр (дэтхэнэ лъэпкъми щыщу 12) хагъэхащ псори щIыху 36-рэ хъууэ. Комиссэм хэтщ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я советхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр. Комиссэм и унафэщIу щIыхуищ хахащ лъэпкъ зырызым я лЫкIуэу. Щыпсэу хэкIуэдэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр. Комиссэм и унафэщIу щIыхуищ хахащ лъэпкъ зырызым я лЫкIуэу. Щыпсэу хэкIуэдэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр зэчэнджэщынуэхэщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2011 гъэм накъыгъэм и 26-м Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэувэ Iэнатlэм и зи чэзу зэIущIэр.

ЩыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ГугъапІэфІхэр Кавказым кърапх



Едыдж Мэмэтрэ КІэрмыт Мухьдинрэ *(Адыгей).*

Абеикъуэ Шухьэибрэ *(КъБР, Бахьсэн къ.)* Дзыгъуанэ Хьэнийрэ *(Йорданиер).*

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ди газетымкІэ хьыбар зэрыязэгъэшІащи, накъыгъэм и 19 - 20-хэм Надшыкь кьалэ Іэтауэ щекІуэжьаи Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 20 зэририкъуи пыщІа Іуэхугъуэхэр.

ИЛЬЭС 20-кІэ уэзІэбэкІыжмэ, 1991 гъэм и мыпхуэдэ махуэ дыдэхэм, мы кьалэ дыдэм щыІэхэтауэ щытащи къэрал кІуэдым щыпсэу адыгэхэр зэрыгъэгъуэтыжьыным, я къэкІуэнум телажьэным, зыгъэпІейтей Іуэхуэхэр гъэнэфыауэ ахэр зэфІэха зэрыхьуну Іэмалхэр гъэбелджыІыным, кьызыхэкІа льэпкьыр щымыгъупщэу щІэблэр кьэгъэхьуным, бзэр, щэнхабзэр, хабзэр ухьмэным - а псоми, зэманым кьыдэкІуэ нэгъуэщІ зэхуэмыкъуныгъэхэмэ я хэкІыпІэхэр кьиГуэтурэ Іуэжу пыуэкІыкэр илэжьын хуейуэ кьалэну зыхуагъэува Дунейпсо Адыгэ Хасэм и яп эзэхьэшхыэр.

Абы льандэрэ зэфІагъэкІахэр кьалщыгъэкри, я Іуэхум зэрыпащэну щыкІэхэр щаубзыхуну Кьэбэрдей-Балькъэрым кьыщыІэхуэсащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израильм, Германием, Голландием кьикІа ди льэпкьэгъуэмрэ Адыгеим, Кьэрэшей-Шэрджэсым, Шапсыгъым, Абхъазым я лЫкІуэхэмрэ.

Программэ уБзыхуам тету екІуэда Іуэхугъуэхэм я ІэуфІдэ зэІуцІэ хьэщІ ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм я зэхьэхьэр, Хамэ кьэралхэм, Урысей Федерацэм и хэгъуэгуэхэм я Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ ЛЫкІуэхэмрэ я зэхуэсхэм зыкьрагъэхьэлІащ Кьэбэрдей-Балькъэрым и Президент **Кьанокьуэ Арсен,** республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ **Жамборэ Владимир,** КЪР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пшыкьан,** щІалэгъуалэм я Іу эку - хэмрэ жылагъуэ зэгугьхэ - ныгъэхэм ядэлажьэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Пащты Борис** сымэ, ДАХ-м и Хасащхьэмрэ Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ ильэс зэмылІэужьыгъуэхэм жьыджэру щылэжьахэр.

ЗэлуцІэр кьыщэІуихри, ар зэрекІуэкІыным кьыщэхуэсахэр щыгъуазэ ищІу ДАХ-м и тхьэмадэ **Ажахъуэ Кьанщобий**икІи Кьанокьуэ Арсен псалъэ иритащ.

Къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэр зэпызыщІэ, зэрызыщалІэ ІуэхугъапІэ щыІэныр мыхьэнэшхуэ зэриІэр, льэпкъ-культурэ щІэныгъэм и Къэрэшей-Шэрджэсым и Парламентым и Унафэщ **Хьэрэ Мурадин** и Къэрэшей-Шэрджэсым и Президент **Кьанокьуэ Арсен** ящІыгъуэ зэрыгъэІорышІэ

Лъэпкъыр зэкъуэтмэ - лъэщщ!

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Дэтхэнэ зы Хасэми и пщэрылъхэр игъэзащIэу лажьэмэ, ДАХ-м и Iэхэр нэхъыфI зэрыхъунур къыхигъэщу зэIущIэм хэлъэпсэлъащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Парламентым и депутат **Аслъэн Алий**.

- Москва иджыпсту щопсэу адыгэу мин 20-м нэс, абы щыщу мини 5-7 хэдизыр студентхэмрэ аспирантхэмрэщ, - жиIащ къыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата, Москва щыIэ Адыгэ Хасэм и нэхъыщхьэ и тхъэмадэ **Агырбэ Юрэ**. - Илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыщу 500-м щыщIэдзауэ зы миным нэс еджапIэ нокIуэ. Абыхэм щыщу язныкъуэхэм къэралым и мылъкукIэ, адрейхэр пщIэ щIату щIэныгъэ зрагъэгъуэт. Илъэс куэд хъуауэ Москва щыIэ Адыгэ Хасэм и нэхъыжьхэм сритхъэмадэщи, кьалэнышхуэ си пщэ къыдохуэ абыхэм я щыIэкIэпсэукIэм, я бзэм, я цIыху хэтыкIэм ехьэлIауэ. Япэм кьалащхьэм еджапIэ накIуэ ныбжьыщIэхэм зи бзэр зымыщIэжу яхэтыр мащIэ дыдэу щытамэ, иджы апхуэдэхэр зыхэлIущIэу нэхъыбэщ. Си щхьэкIэ араща сызытегуззевыхьыр. ЗэрыжаIэщи, бзэр пъэпкъым и псэщ, бзэр кIуэдмэ, лъэпкъри мэкIуэд.

Махуэшхуэхэр догъэлъапIэри зэфIокI, ауэ тщIэн хуейуэ ди кьалэнхэр къонэ, Iэпэдэгъэпэл тщIынкIэ Iэмал имыIуэу. Абыхэм ящыщ зыщ дуней псом щафIэдахэ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хъумэныр. Дэ, нэхъыжьхэм, щIэблэм едгъэщIэн хуейщ дыкъызытехъуКIыжа ди адэжьхэм я зэфIэкIыр, ди тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр. Илъэс къэс Москва щыIэхудошэс япэ курсым щIэс щIалэгъуалэр, допсалъэ, я жьIэ додалуэ. Си жагъуэ мэхъу ди къулыкъущIэхэм зэман къыдохуэ абыхэм я щыIэкIэпсэукIэм, я бзэм, я цIыху хэтыкIэм ехьэлIауэ. Япэм кьалащхьэм еджапIэ накIуэ ныбжьыщIэхэм зи бзэр зымыщIэжу яхэтыр мащIэ дыдэу щытамэ, иджы апхуэдэхэр зыхэлIущIэу нэхъыбэщ. Си щхьэкIэ араща сызытегуззевыхьыр. ЗэрыжаIэщи, бзэр лъэпкъым и псэщ, бзэр кIуэдмэ, лъэпкъри мэкIуэд.

TIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ *(Германие)*

Есэн Сэбэхьэттин *(Тырку Республикэ)*

Агырбэ Юрэ *(Москва)*

КIакIыхъу Мэжид *(Шапсыгъ)*

Хьэпей Арэмбий *(Адыгей)*

Шэрджэс Мухьэмэд *(КъШР)*

Тыным хуэдэу си щхьэр лъагэу сльагъуржат концерт гуэрым и щIэблэм адыгэ ныбжьыщIэ гулъыплъхэу къыщызэбгъэдыхьам, ДАХ-м хуэдэ зэгухьэныгъэ щIалэгъуалэм папщIэтщIыну дыхуейщи, укъыдгэпэныкъун, жаIэу. Сэ абыхэм яжесIащ я хъуэпсапIэр ДАХ-м и унафэщIхэм вжесIэжыну, хэкIыпIэ гуэр къэвгъуэтрэ, Iэхэр ядэфIыгъаиэ фIыт.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр хьэзэгъэпэщын зэрыхуейр япэу къыхэзылъхьауэ щыта, ар зэфIэгъэуэвэным зи гуащIэ хэзылъхьа **Хьэткъуэ Фэтхьи** (Голландие) кIэщIу тепсэлъыхьащ а Iэхэм яужь зэрихьа щыкIэм.

- Сэ илъэс 60-м щIигъуауэ адыгэ Iэхумрэ адыгагъэмрэ яужь ситщ. Япэу къебгъажьэ Iэхэу псори гугъущ, ауэ, уелъэжьмэ, пхуэзфIэмыкIын зэрыщымыIэр дыгъуасэ пльандэрэ наIуэ сщохъурь, дяпэкIи ДАХ-р ефIэкIуэну си гуапэщ. ЖьпIэнурамэ, ДАХ-р здынэсам сегъэгуфIэ, ар зи фыщIэхэр гуфIэгъуэм фыхэмыкIыу Тхьэм фигъэпсэу, Зэгухьэныгъэм КъБР-м и Президентым гулъытэ кыхэзырыхуащым сэ фым сыщегъэгуГъ.

1991 гъэм кърахьэжьа Iэхэу дахэм хэтауэ зэрыщытам тепсэлъыхьащ Къайсэр (Тырку) Адыгэ Хасэм и лIыкIуэ **Есэн Сэбэхьэттин**. А Iэхэр кьезыхьэжьахэм щыщу нобэ къытхэмытыжхэм я псапэр куэд хъуну, мыдрейхэм я Iэр къызыпекIуэкIыр Iэджэу Iэхэм псори гугъущ, ауэ, уелъэжьмэ, пхуэзфIэмыкIын зэрыщымыIэр дыгъуасэ пльандэрэ наIуэ сщохъурь, дяпэкIи ДАХ-р ефIэкIуэну си гуапэщ. ЖьпIэнурамэ, ДАХ-р здынэсам сегъэгуфIэ, ар зи фыщIэхэр гуфIэгъуэм фыхэмыкIыу Тхьэм фигъэпсэу, Зэгухьэныгъэм КъБР-м и Президентым гулъытэ кыхэзырыхуащым сэ фым сыщегъэгуГъ.

Абыхэм нагъэзэжми, лъэпкъ Iэхэхмкl Тырким сэбэп щыхъунущ, хэкужьым кьинэми, я унагъэр къашэжьынущ.

Хэхэс хьэрычэтыщIэу къэзыгъэзэжахэм Iэхэхщ1апIэ 20-м нэс къыхэзыгъахауэ щыху мини 3 яГъэлажьэ. Абыхэм Тырким щыщу щылажьэ IэщIагъэлIхэм я гур Хэкум щагъэтIылъмэ, я унагъуэхэри къашэжьынущ. Араш къагъэзэжьынымкIэ Iэмалу щыIэм я кьыпэкIуэну догугъэ, зэгурыIуэ, зэдэIуэж жьлэ узынщэ дыхъу! - жиIащ Сэбэхьэттин.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъури, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и щIыхь тхыльыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм иритащ.

Адыгэ лъэпкъым лейуэ кьытехьам, абыхэм я Iэужьыр гъэзэкIуэжа зэрыхьунум, хэкужьыр хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ дежкIэ зищIысым, я къуэпсхэр здэщыIэ щIынальэр я плъапIэу ди лъэпкъым и бын куэд дунейм зэрехьжам, иджыри зи лъэр адыгэ лъэхэм къззыхьэсыжыну хуейкэр зэрыгъунэнщэм, лъэпкъым щхьэкIэ тщIэн хуейуэ ди пщэрылъкъалэнхэм, нэгъуэщI куэдми я гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэльащ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэхэу **TIамжьыкъуэ Умар-Фэрукъ** (Германие), **Хэкужь Хьердин** (Иордание), **Шурдым Гюнсель** (Тырку), **Исхьэкъ Акрам** (Сирие), **КIакIыхъу Мэжид** (Шапсыгъ), **Хьэпей Арэмбий** (Адыгэ Республикэ), **Шэрджэс Мухьэмэд** (Къэрэшей-Шэрджэс), **Дербит Валерэ** (Мэздэгу кьалэ), **Ефэнды Джылахъстэн**, (ДАХ-р къызэгъэпэщыным и жэрдэмщIакIуэхэм яущIащ), Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ЗэзыгъэлIу советым и унафэщI **Къалмыкъ Жылэбий**, Гъуэздж-хэмкIэ Европей академием и академик, сурэтыщI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**, «Алан» балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ **Абшаев Магомед** (Налшык къалэ) сымэ.

ЗэIущIэм хэтахэр концерт иратхьэплъащ. Япэу утыкур хуит хуащIащ КъБР-м и Къэрал филармонием и симфониие оркестрым. Композитор, усакIуэ ХьэIупэ Джабрэ1ил иригъэкIуэкIащ концертым и япэ IыхьэР. Дирижер Темыркъан Борис зи пашэ оркестрым игъэзэщIащ лъэпкъ профессональнэ музыкэм япэ лъэбакъуэхэр щызыча композитор гъуэзэджэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, классикэ макъамэхэр.

КъыкIэлъыкIуэу эстрадэ уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ зыкъагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу зэIущIэм кърихьэлIахэр дихьэхат «Нал цIыкIу» гупым и къэфэкIэм. Абыхэм къахуэтэджащ нэхъыжьхэр икIи куэдрэ Iэгу хуеуащ. ЗэIущIэм кърихьэлIахэм «лъэпкъ» псалъэм щIэпэ гурыщIэр зыкуэдар иджыри зэ зыхащIауэ зэрызэбгрыкIыжам шэч хэлъкъым.

ИСТЭПАН Залинэ.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Пэжым папщIэ

Зы махуэкIэ, зэуIуу дэ дыкъемыкIуэлIэжьфми, ди бынхэм я хэкужь зрагъэгъуэтыжьыным дыщIохъуэпс. Мы щIыпIэм имыкIа адыгэ дунеим теткым. Дызэрыгъуэтыжу, зы дыхъужу ди адыгэ Iуэху дгъэкIуэтэну Тхьэм солъэIу, - жиIащ абы.

Сириеи и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхъэмадэ **Исхьэкъ** (Гугу) **Акрам** къызэрыхигъэщамкIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен а къэралым зэрыкIуам мыхьэнэшхуэ иIащ.

- Абы Хэку дызэриIэр, Президент дызэриIэр яригъэщIащ, ди Iуэху зытетыр нэхъ къагурыIуэ хъуащ, - жиIащ Исхьэкъ Акрам.

Тыркум щыщ узчыл **Туэрэ Рэхьми** къигъэлъэгъуащ Хэкум икIа адыгэхэм я бжыгъэр хуэгъэфэщауэ зыхуэдизыр - цIыху мелуан 1,5-рэ...

- Зыми пщIы иремыупс: ахэр езыр-езыру я бохъшэр, я къэлэтмакъыр къащтэу Хэкум икIакъым. Абыхэм зауэ гуащIэкIэ я щIыналъэр ирагъэбгынащ, - къыхигъэщащ Туэрэ Рэхьми.

ЗэIущIэм кърихьэлIат Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ **TIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ.**

- Дэ Европэм дынэзыхьэсар тхыдэ мыгъуэ тхуэхъуаращ. Иджы ди Хэкум пыщIэныгъэу худи1эр зэрыдгъэбидэным хуэунэтIауэ доладжьэ. Дэ дыщыгъуазэщ Хэкум ирахуахэм хьэзабу ятелъам, ауэ ди Хэкужь кьинэу, ар тхуэзыхъумахэм я Iуэхум зыри хэтщIыкIыртэкъым. Нобэ дызэхуэсыфын хуэдэу Iуэхур кьызэзыгъэпэщIэхэм фIыщIэ яхудощI, - жиIащ абы.

ПэкIум кърихьэлIат Израилым щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэри:

- Ди лъэпкъым гукIи псэкIи дыхуэлажьэу щытмэ, Хэку тхуэухуэжьнущ. Ди Хэку дыухуэжьмэ, дахэу дыпсэуфынущ,- кьыхигъэщащ и псалъэм.

Министр Фырэ Руслан пэкIур иригъэкIуэкI.

ПэкIум къыщыпсэльащ Балъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Беппаев Суфьянрэ** Урыс щэнхабзэмрэ тхыдэмкIэ «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ **Канунников Анатолийрэ.** Абыхэм къыхагъэщащ нобэ дунейм и къэрал куэдыщэм я лъэпкъ къэлэныгъэр Налшык къызэрыкIуар а зауэжьыр егъэлеяуэ гущIэгъуншэу зэрыщытам зэрищыхьэтыр икIи ахэр ирипагэ зэрыхъунур лъахэм кьинахэм яхъума щIыгум щхьэкIэ.

Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лъэжьыгъэр Зэзыгъэлу советым къыбгъэдэкIыу пэкIум къыщыпсэльащ **Къэжэр Артур**. Абы къигъэлъэгъащ ди лъэпкъым къалэныщхьэ къызэрыпэщIыльыр ди бзэр, ди хабзэр, ди тхыдэр тхъумэжым ехьэлIауэ. Советым къызэрильытэмкIэ, а Iуэхум адыгэ лъэпкъыр пэлъэщынукъым егупсысауэ къызэгъэпэща политикэ Урысейм зэримыхьэмэ.

- Урысей Федерацэм и унафэщIхэм адыгэ лъэпкъым и геноцид зэрыщыIар щыжаIэн хуей зэманыр къэсащ. Арыншауэ хамэщI щыпсэу ди хэкуэгъуэр щыхуейм и деж Хэкужьым кьэкIуэфу, тегушхуэхэр къэIэпхъуэжьфу тхуэщIынукъым. Адыгэхэр Урысейм щыщщи, ди гукъеуэр кьыгурыIуэу Iуэху пыухыкIа ищIэмэ, Урысейм и пщIэри дуней псом нэхъ ин щыхъунущ. Абы къыхэкIыуи, дэ IупщIу дыубзыхун хуейщ пхыдгъэкIыну дызыхущIэкъу Iуэхуэр. Властымрэ цIыхубэмрэ зэкъуэмыуваУэ дэ зыри къыдэхъуIэнукъым. ЦIыху цIэрыIуэ гуэрым жиIэу зэхэсхащ адыгэхэм Къанокъуэ Арсен я пашэу къызэраIытэнур. АтIэ, адыгэ лъэпкъым и геноцид зэрыщыIар Урысейм и унафэщIхэм къалъытэнымкIэ ар ягурыIуэфмэ, тхыдэм нэхъ цIыхушхуэу къыхэнахэм Къанокъуэр ябгъурыуэнущ, - жиIащ Къэжэр Артур.

Абы и ужьыIэ утыкур хуит хуащIащ Къбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Нэхъыжьыфым диIыгъащ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр Зэзыгъэлу советым хэт Къэжэр Артур и псалъэхэр икIи зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 1999 гъэм УФ-м Лъэпкъ политикэмкIэ и министр Михайлов Валерий, ди гъунэгъу республикэхэм ящыщ зым и унафэщIым къиIуэтам пигъэувыжу жиIауэ щытар: «Геноцидым ехьэлIауэ Урысейм гужьгъэжь хуиIэну хуиту Кавказым щыпсэур зы лъэпкъщ - ар адыгэхэрац. Ауэ а лъэпкъым акъыл хурикъуащ пащтыхьыгъуэм илэжьа щIэпхъаджагъэм епха губжьыр урыс лъэпкъым тримыкъутэну».

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къигъэуващ адыгэ лъэпкъыр Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм, нэгъуэщI Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэхэм я бжэм щIэх-щIэхьуэрэ теуIуэн хуейуэ.

- Фызэрыщыгъуазэщи, иджыблагъэ Къэрал Думэм и комитетыр хэпльащ адыгэ лъэпкъым и геноцидыр къэлъытэным пыщIа Iуэхухэм. Догугъэ абы тепсэлъыхьыным къыпащэу, Урысей Федерацэм и Президентым, Правительствэм, ФедерацэмкIэ и Советым адыгэ лъэпкъым хуэгъэзауэ унафэ зэгупсыса, пэжым и телъхьэ кьащтэну, - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

ПэкIум и кIэухыу, зауэшхуэ екIуэкIам хэкIуэдахэм папщIэ зэхуэсахэм дыуэ яригъэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтий **Дзасежь Хьэзрэталий.**

Зэхуэсым хэта псори сыхьэт 12-м зы дакъикъэкIэ хуэщIыгъуащ зауэжьым хэкIуэдахэм. Ар дэнэкIэ щыIэ адыгэхэми эдащта хабзэщ.

ГЪУЩIО Зариф.

Беппаев Суфьян

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд

Канунников Анатолий

Къэжэр Артур

Жьэжьей Зэчрей *(Израиль)*


Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей театрым и гуащэ

ЖьакІэмыхъу КІунэ ягъэлъапІэ

Налшык дэт Къэбэрдей къэрал драмэ театрым ныжыбыбгъэ щыгъэ хэщыпкъ дах э. КъБР-мк УФ-м щыхъ зиІэ и артистКэ, лъэпкъ театрым и лэжьыгъэм хэльхьэныгъэшхуэ хуэзышІэ ЖьакІэмыхъу КІунэ и бенефис-спектаклым, «Льагъуныгъэм текІуэдахэр» трагикомедием, цыхъу куэд театрым кьришэлІат.

МЫЛЪКУМ цыхър зэрыдихьэхьар, зэрыщІэгъэкІыр, абы папщІэ сытри зэрилэжьыфынур кьызыхэщ спектаклым теухуа тхыгъэ ди газетым зэрытет ам кьыхэкІыу, абы лейуэ дытетхыхьынкъым. Ауэ, спектаклыр нэхьапэкІэ ягъэльагъэмк, абы еплъыну, пшыхьыр зыІуэжьа артисткэ зэчиифІэм, бзыльхугъэ щыпкъэм и махуэр дгъэльэпІэну, дгъэтину гукъыдэжь зиІэхэр гъунэжк.

Спектакль нэужьым театрым и гуащэр адыгэ фаиз екІу щыгъыу кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыхьаг, тЫсыпІэ хуащІауэ утыкум ит щэнтжьейм итЫсхьащ. Тущ и кьыхуащІу абы кьыщхьэщытт Мысоот Вадимрэ КІунэ ипхъу Ты§щ Маринэрэ.

Нобэ утыкум япэу щыжэгуа артисткэ ныжькьыщІэ Хьэхъуэпащ Фатімэ и ролыр апхъэдэу фЫыуэ кьеМыхьгъэ КІунэ хъунт абы ЖьакІэмыхьу КІунэ хуэдэ щапхъэ имыІамэ, - жиІащ министрым икІи КІунэ иритыжащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и щхьэгъуэ Фатімэ кьыбгъэдэкІ удэ гъэгъамрэ, Іуащхьэмахуэ и тепльэр кьыщыгъэльэгъуэ сурэтышхуэмрэ.

КъБР-м и Іатэр зэгъэхьэныгъэхэм я унафэщІым и къуэдзэ Кьыльпащхьуэ Мадинэ зыщылажьэ Іуэхущ Іапі эм кьыбгъэдэкІ хьэуэху псальэхэр ЖьакІэмыхьум жриІащ, икІи и псальэм кьыхигъэщащ артисткэм пщІэшхуэ зэрыхуащІыр, ар абы и гуащІэмкІэ кьыхэзрилэжьыр.

Налшык къалэ администрацэм я унафэщІым и къуэдзэ Кьыльпащхьуэ Мадинэ зыщылажьэ Іуэхущ Іапі эм кьыбгъэдэкІ хьэуэху псальэхэр ЖьакІэмыхьум жриІащ, икІи и псальэм кьыхигъэщащ артисткэм пщІэшхуэ зэрыхуащІыр, ар абы и гуащІэмкІэ кьыхэзрилэжьыр.

● Пшыхьхэр

Пшыхьым кьрихьэлІат КІунэ зыщыщ Шытхъэлэ кьуажэм дэт курыт школым кьыщыдеджажэри. Абыхэм жаІащ я классэгъу, кьуажэгъу, лъэпкыр зэрыгушхуэ бзылъхугъэм езыхэм я щхьэр лъагэу зэрарилъэльгъужьр. Абыхэм я гуапэу ягу кьагъэхьыжащ школым щыщІэса лъэхъэнэхэми КІунэ утыку итыныр фІэфІу, теплъэгъуэ гъэщІэгъуэн цыкІуэр игъэхьэзырр и классэгъуэм яригъэлагъуэ зэрыщытар.

Лъэпкъ театрым и гуащэм и махуэ лъапІэмкІэ ехьуэхьуну пшыхьым кьрихьэлІат КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан, тхакІуэ, тхыдэдж Бейтыгъуэн Сэфарбий, Къэбэрдей-Балкъэр радиом и редактор, усакІуэ Аброкъуэ Бэлъэ, бзылъхугъэхэм я Налшык зэгъэхьэныгъэм и унафэщІ Дыджэш Лидэ, и кьуажэгъуэр, ныбжьэгъуэр.

ЖьакІэмыхьу КІунэ кьызэхуэсахэм фЫщІэ яхуищІащ, и махуэр кьыдэзыгъэльэпІа псомэ хьуэхьу псальэхэр зэхуигъэзащ. Абы кьыхигъэщащ артистым и сыт хуэдэ ехьулІэныгъэри зэрытепльыр зэрельытар, дэрэжэгъуэ кьеЗытыр ахэрауэ зэрыщытыр.

БАЦЭ Фатімэ.

Республикэр зэрыгушхуэ артисткэ гъуэзэджэм и пшыхьым кьрихьэлІахэр абы и лэжьыгъэм теухуауэ яІэ гупсысэжэмкІэ къыддэгуэшащ. Абыхэм жаІахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ:

Джарэгъэф Мартин, *артист:* - Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ драмтеатрым 70 гъэ хэм лэжьэн щыщІэдзащ. КІунэрэ и лэ жьэгъуэмрэ я кьару илыгъ уэт, я щІалэгъуэт. Зи гъуэсу спектакль куэд сыщыджэгуа ЖьакІэмыхьур си егъэджакІуэу, гу зэ угурыІэгъуэгъу щытауэ зекІыжьа кьым. Псом хуэмыдэу гукъинэжь сщыхьэщ «Гъащэ абгэ» спект акІым дыІэрыхэтар. Абы сыт ху§эр обраэри дахэу, удихьэкІыу , хьэлэмэту икІи кІуэщІ хэльу кьегъэщІ икІи игъэззэщІа дэтхэнэ ролми щхьэхуэу утетхыхьыфынущ, утепсэлъыхьыфынущ. Драмтеатрым и гуащэм и творческэр куущ, дахэщ, льагэщ. Нэхьыщхьэраци, езы КІунэ гуапэщ, цыхьутэшхуэ хэльщ, Соловьхэу нобэ иІэ ехьулІэныгъэр, зэфІэкІыр мыкІуэщІыну , уяынщагъэ щымыщІэу иджыри ильэс куэдкІэ дригъэуфІэу ди япэ зэтыныр.

Уэрэзей Афлик, *усакІуэ:* - ЖьакІэмыхьу КІунэ адыг э театрым и зыужьныгъэм и зы лъэхъэнэ псо хьууэ схужьІэнущ. Театрыр фЫыуэ зыльагъуэхэм я фЫщІэшхуэ КІунэ кьыщІилэжьыр и джэгукІэ дахэмкІэ уэзрыщэІэпишэ кьудейрккым, атІэ театрым и нобэмрэ екъжІуэнымрэ зэрыяэпишэрщ, театрым зегъэужьыкІи кьалэным зэрыпэльэщырщ, КІунэ езым япэ ягъ итха актер Іэхэмк, псальэм папщІэ, Дыщэкі КІунэ, Сибэч Быхуэ, нэгъуэщІхэмя я щапхъэр дерс хуэхъуауэ нобэрей театрепльхэм дэрэ жэгъуэ я кьыдитым кьыщІымынэу, сценэм кьихьэ актер ныбжьыщІэхэми ар зэрахилъхьэным яужь зэритыр сыт и у асэ! - жеІэ Уэрэзэйм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Пщыхьхэр

● Футбол

Букур ди гъуэр хегъащІэ.

«Кубань»-р къыттекІуэфырхъым

«Кубань» (Краснодар) - «Спартак-Налщык» (Налшык) - 1:1(0:0). Накъыгъэм и 20-м. Краснодар. «Кубань» стадион. Цыхъ 16 000 епльащ.

Судьяр АРСЛАНБЕКОВ, Деушев (тІурі Мэзкуу щыщІ), Суховерхов (Воронеж).

«Кубань»: Будаков, Армаш, Рогочий, Жавнерчик, Козлов, Максимов (Букур, 46), Лыс, Нэ, Цораев (Фидлер, 70), Варгэ, Гораре (Давыдов, 84).

«Спартак-Налщык»: Помазан, Овсиенко, Джудович, Иованович, Леандрэ, Захирович (Сирадзе, 83), Багаев, Концедалов, Бырхьэм (Гриднев, 72), Порт тягин (Гъэщокъуэ, 46), Милич.

Топхэр дагъэкІащ: Букур, 63 (1:0). Леандрэ, 87 (1:1).

Дагъуэ хуащІащ Иованович, Цораевым, Бырхьэмым.

МЭРЕМ кІуам Краснодар щызэІуэщІащ премьер-лигэм щекІуэкІ хэхьэзэхуэм и турнир табицэм и кІэух увыпІэхэм кьымыльыф «Спартак-Налшыкымрэ» пашэхэм яхэт «Кубань»-мрэ. Нэхъапэм мы командэхэр премьер-лигэм 4 щызэхэзгъуати, 2-м (Налшык щыІэу) ди щІалэхэр нэхьыфІащ, адрейитІым зэрытегъэкІуакьым. Кудым ярІэхьэлэмэтт иджыри зэпэщІэтыныгъэм кьрикІуэнур икІи хуагъэфащэрт икІэмкІэжьым «Кубань»-м и Іуэхур ди деж кьыщшІыжьащ.

ЗэІущІэр командэхэм хуэм дыдэу кьыщІадзащ икІи япэ сыхьэт ныкъуэм кьрифыбыдэу ахэр гъуэм зэрекІуэлІар заКъуэтІакъуэхэщ. Апхуэдэу 27-нэ дакьикъэр екІуэкІыу хэгъэрейхэм я ешэгьрыкІуэныгъэхэм хэту Лыс Артур топыр штрафнюйм ит Тораре и пЫэныкъуэмкІэ игъэжащ. Ди гъуэм пэгъунэгъу дыдэу щыт бразил гуащІэхьэхъуэмэныкъуэм ёжыгъэ кьызэІуихынымк Джудович зэран хуэхъуащ - гъуэ нэщІым дыхьэ топым нашлыкдэхэм я капитаным кьригъэгъэзащ.

ЗэрыщІэкІ, зэкІэльхьэжьу хьэщІэхэм я гъуэм кьекІуэлІащ Максимовым, Цораевыр, Козловым, Абыхэм зыхъэзым нужьІыну Краснодардэсхэр япэ иригъэщІну Іэмал иІащ Цораевым, ауэ ар щхьэкІэ зэуа топыр зымащІэкІэ гъуэм щхьэпрылъэтащ.

ЯІпэ Іыхьэм и кІэух дахьыкъэхэм «Кубань»-м и джэгукІэр нэхъ кІащхъэ кьэхъуащ. Абы и фІыгъэкІэ хуитныгъэ зыгъуэта «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм жьыдзэрагъ лъэпкъ кьамыгъэльагъуэгу топыр губгъуэм и кум ирамытэкІыу зэІущІэр нагъэсащ.

Зыгъэпсэкъуагъэ зэманым кьриубыдэу командэхэм я зэхъуэкІыныгъэ зырыз ирагъэкІуэкІащ. Фэбжь мащІэ зэрыщигъэтам кьыхэкІкІэ Портнягиным и пЫэкІэ губгъуэм кьихьащ Гъэущокъуэ Арсен.

Етіуанэ Іыхьэм и япэ дакьикъэхэр футболистхэм япэм нэхъ нэхъ хуэмыкІу ирагъэкІуэкІащ. Гъуэм екІуэлІэну, джэгур щІагъэхуэбжьэну зыри хуІэкъуэртэкъым.

Дакьикъэ зыбжанэ дэкІри, я ебгъэрыкІуэныгъэхэм хуэфащэн кІэух ирамытГэгъуэтыфми, налшыкдэхэр щІэхьщІэхьыурэ ипэкІэ кІуатэ хьуащ. Апхуэдэу зыбжанэрэ хэтъэрейхэм я штрафнюйм екІуэлІэну хэтащ Бырхьэмымрэ Леандрэрэ, ауэ жьжьэу щыту гъуэм еуэ мыхьэмэ, гъунэгъуу гъуащІэхьэхъуэмэхэм ирагъэкІуалІэртэкъым.

Хэгъэрейхэм контратакэ кьызэрагъэпэщ Помазан закъуэтІакъуэрэ ягъэпІейтейт. Апхуэдэхэм ящыщ зым «Кубань»-м екъуІэныгъэ кьыхуихьащ. Варгэ штрафнойм щынэсым топыр хитащ. Абы япэу нэсащ гъуащІэхьэхъуэмэхэм яІэщІэкІа, етІуанэ Іыхьэр щыщІидзэжьым джэгум кьыхьыхьа Букур икІи зэ еуэгъуэкІэ гъуащІэхьэтетым пэгъунэгъу пІанэрэм ар нгьакІуэри, и командэр япэ иригъэщащ - 1:0.

Кьыхудагъэкіа топым и зэранкІэ зи джэгукІэр зэтеуэвэж хъуа ехьудей «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я пЫэ пІалъэкІ щІидзащ. Иджы юмандэхэр жьыдэжрагъкІэ зжьуэжа хуэдэт - хэгъэрейхэр щІэщхьэхуэрэ ебгъэрыкІуэрт, налшыкдэхэм я пЫэныкъуэмкІэ зыщагъэбдат, контратакэ закъуэтІакъуэ кьыхэзрагъэпэщу.

Апхуэдэжэм ящыщ зым хэту Иованович топыр метр хьыщІ хуэдизкІэ хитащ. Абы хуэмыхьэзыра Будаков жьыжьІуэу гъуэм кьыдэкІуаэ кьыщІэкІри, гъуащхьэхъуэмэм кьыбгъэдэта Леандрэ бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ - 1:1.

Нужьрей дакьикъэхэм гъуэ кьызыхудагъэкІыжа «Кубань»-м и футболистхэр псынщІу ипэкІэ кІуэтащ, зэрыщыдджэгуэм и кьыхэкъэжа зэманым щытыкІэр ягъэзэкІуэжьыну закъуэ ящІыжьащ. АрщхьэкІэ ялъэкІар зы ебгъэрыкІуэныгъэ закъуэ кьыззрагъэпэщыныщ. Абыи хуэфащэн кІыу ирагъэзыщІыфакъым. Арати, «Кубань»-р агрэуру кьуттемыкІуэфауэ зэІущІэр нухащ.

Премьер-лигэм и епщІанэ джэгуГуэм хиубыдэу екІуэкІа зэІущІэхэм кьахэгъэщыпхъэхэщ **«Томь»**-мрэ **«Зенит»**-мрэ яйр. Томск щыІэу хэгъэрейхэм **2:1**-уэ санкт-петербургдэсхэр хагъэщІащ.

КъэщІэрэщІэж хуэдэщ Мэзкуу и **«Спартак»**-ри. Ар и стадионым бжьыгъэшхуэкІэ, **4:0**-у, **«Краснодар»**-м щытекІуащ.

Адрей командэхэм я зэІущІэхэр мыпхуэдэу ихащ: **«Тэрч»** (Грозный) - **«Анжи»** (Махъачкъалэ) - **1:0**, **«Рубин»** (Кьазан) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) **0:0**, **«Ростов»** (Дон Іус Ростов) - **«Амкар»** (Пермь) - **3:0**, **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **1:0**

«Волга» (Новгород Ищхьэрэ) - **ЦСКА** (Мэзкуу) зэІущІэр бадзэуэгъэуэн и 21-м ягъэІэпхъуащ мэзкуудэсхэр УФ-м и Кубокым и финалым зэрыщыдджэгуэм и кьыхэкІыу. Псалъэм кьыдэкІуэу жьытІэнщи, ЦСКА-м ар вэсэмахуэ зыІэригъэхьащ, Владикавказ и **«Алание»**-м **2:1**-уэ текІуэри.

КьыкъэтэныкІуэ зэІущІэр ди щІалэхэм Налшык щрагъэкІуэкІынущ. Накъыгъэм и 27-м абыхэм кьрагъэблэгъэнущ Грознэ и «Тэрчыр».

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1. «Локомотив»	10	5	3	2	16-8	18
2. «Кубань»	10	5	2	3	11-8	17
3. «Спартак»	10	5	1	4	11-11	16
4. «Зенит»	10	4	4	2	15-11	16
5. «Динамо»	10	4	4	2	14-13	16
6. «Анжи»	10	4	4	2	8-7	16
7. «Томь»	8	4	3	1	13-6	15
8. «Рубин»	10	3	5	2	1-9	14
9. «Томь»	10	3	4	3	10-12	13
10. «Ростов»	10	3	2	5	12-12	11
11. «Тэр ч»	10	3	2	5	5-10	11
12. «Краснодар»	10	2	5	3	8-13	11
13. «Волга»	9	3	1	5	10-8	10
14. «Амкар»	10	2	3	5	7-14	9
15. «Спартак-Налшык»	10	1	5	4	8-12	8
16. «Крылья Советов»	9	1	4	4	5-10	7

● ФЫщІэ

Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ

Хьэцыкіу Анатолэ и цІэр зезыхьэу Шэджэм къалэ дэт нэм щеІэзэ сымаджэщым и лэжьакІуэ щэджащэхэу Алыхьыр щІэныгъэрэ зэфІэкІышхуэкІэ зыхуэупсахэм, а цыху тельыджэхэм ядэтльагъуэ Іэзэгъэмрэ гуапагъэмкІэ «Адыгэ псалъэ» льэпкъ газетым дыдэзгуэшэну, абыхэм яхуэгъэза мы псалъэхэр кьытхутеВдзэну дыхуейт.

ДЭТХЭНЭ зы сымаджэмк, и узышыагъэр зэтес хъужьи папщІэ сэкІэ и Іэпкъльпкъым кьыхэзІэбэн хуей хъэуэ, узым зэрригъэпІейтейм и мызакъуэу, и псэми гуэдзэу щІедзэ. ГъащІэр Іэфіщи, кьыпэпльэ операцэм и щхьэ ар кьыфІокІуэ.

Зи гуГэу тщІы сымаджэщым и 403-нэ пэшым дыщІызэрихьэлІат зи ныбжь хэкІуэтаитРэ нэхъ щІалэгъуэ тІурэ - Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ», жеІэ псалъэжьым. Ди узышыагъэр зэфІэзыгъэзывжьыну къыдэувэлІа дохутырхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэм, я бзэм и ІэфіаГьым, сымаджэщыр къызэрызэгъэзэщІам жалъхъэдисым хуэдэу дызэІэпалъат. А гулъытэм къуит дэрэжэгъуэм уи нэр, уи псэр зэпхьэлІэ дохутырыр зэрыІоэзр, и щІэныгъэр зэрыкуур уи фІэщ ещІ. Ди жагъуэ зэрыкъуэр, апхуэдэ гуапагъэрэ гущІэгъуныныгъэрэ зыдэпльагъуэхэр нэхъ мащІэщ.

Сымаджэм и Іуэхур гупсысэгъуэщ, операцэм дыщыщынэмэ щІы хэльтэкъым. АрщхьэкІэ дыкъэпащІэхуэ дохутырхэр апхуэдизкІэ ди псэм къыдыхьат, дзыхь яхуэтщІыри, Іуэхур нэхъ псынщІэу зэфІэкІарэт жыпІэрт. Нэм елэзэ къудей мыхъуу, зи гугъу тщІы Балъкъэр Щамилрэ Нэгъуей Иннэрэ цІыхугъэшхуэ зыхэлъ, щІэныгъэ кІуу зыбгъэдэлъ дохутырхэщ. Унагъуэм нэмысрэ хабзэрэ щІэкІуэмэ, яхуеблэгъа хъэщІэм абы гу лымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Мы сымаджэщым абы ещанэ. Операцэ нэужьым сымаджэм кІэлъплъхэри зы хьэл-щэным тету, я кьалэныр хьэлэлу, я нэгур зэІухуэу ирахьэкІ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр уи узынщагъэр зэфІэувэныныкІэ ящІыжьащ Щамилрэ Нэгъуей Иннэрэ цІыхугъэшхуэ зыхэлъ, щІэныгъэ кІуу зыбгъэдэлъ дохутырхэщ. Унагъуэм нэмысрэ хабзэрэ щІэкІуэмэ, яхуеблэгъа хъэщІэм абы гу лымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Мы сымаджэщым абы ещанэ. Операцэ нэужьым сымаджэм кІэлъплъхэри зы хьэл-щэным тету, я кьалэныр хьэлэлу, я нэгур зэІухуэу ирахьэкІ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр уи узынщагъэр зэфІэувэныныкІэ ящІыжьащ.

Гуапагъэ, цыхугъэ зыдэтльагъуэ, зи Іэщ-ІагъэкІэ зыуэІэижь, зи кьалэныр хьэлэлу езыхьэкІ дызыщІэлъа сымаджэщым и къудамэм и унафэщІ Нэгъуей Иннэ, ар зи пашэ медицинэм и лэжьакІуэ гупым я цІэ кьитІуэну дыхуейт. Ахэр Балъкъэр Щамил, Бесльэней Фатіимэ, Баевэ Ритэ, Кьэжэр Людмилэ, Хаврорэвэ Хьалимэ, Дудар Тосэ, Дыщэкі Тамарэ, Щоджэн Фатіимэ, Бейтыгъэн Масирэт, Тохаевэ Розэ сымэщ. Абыхэм фЫщІэ ин яхудощІ, икІи я узышыагъэр пэнэкъуэ лэжьыгъэр ирахьэкІыну, цІыхухэм я нэр кьагъэпльэжрэ абы насыпрэ дэрэжэгъуэрэ кьаритУ, я гу зэІуахуэ гъащІэм гу щахуэну ди гуапэу дохъуэхуэ!

Жылокъуэ Мухьэмэдин, Джатэжьей Лалушэ, Шэру Мухьэмэд, Тхьэхужокъуэ Мурат.

● Гъуазджэ

Адыгэ фащэр хьэрып пщащэми йокІу.

ЗэІущІэ нэужьым

ЕЩТРЭЧ Владимир, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Апхуэдэщ сытым дежи

- ЗэІущІэр гугъуу екІуэжІащ. Краснодаррэ Налшыкрэ я зэпэщІэтыныгъэр сытым дежи апхуэдэщ. Зы командэри адрейм нэхърэ нэхъыфІу джэгуауэ кьэслъытэркъым, абы кьыхэкІэ зэІущІэр зэриуужкІэ дэтхэнэри арэзыуэ кьэонэ хуэцІ.

Помазан и джагукІэм дауэ уеплъра?

- Ар гуащхьэтетыфІщ. Помазан нэхъапэм кьэдэ губгъуэм кьихьакъым, ауэ и зэфэкІыр здынэсым дыщыгъуазэти, иджы Іэмал еттащ.

Портнягиныр Гъэущокъуэмкі зэпхъуэкІыну уи мурадат?

- Игорь фэбжь мащІэ зэриГуэтам и зэранкІэ, зэІущІэм кьыхэдмыгъэкІыу хъуакъым.

ПЕТРЕСКУ Дан, *«Кубань»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Налшыкдэсхэр арэзы мэхъу

- ЗэІущІэр къыдэгугъуэкІащ. Налшыкдэсхэм лъэщу захъуэмэжащ, абы кьыхэкІкІэ зэман кІыхьым кьриубыдэу гъуэм декІуэлІэну Іэмал диІакъым. «Спартак-Налшыкыр» зыхущІэкъуар зэрытемыгъэкІуэныгъэрати, ар кьэхъуІащ. Ди жагъуэ зэрыхъэнщи, текІуэныгъэ кьытхуэзыхь бжьыгъэр дакъикъэ зыбжанэкІэ тхуэхъуэмэжащ.

Будаков нобэ ІэщІэкІа щыуагъэм нужьКІэ кьыкІэлъыкІуэ зэІущІэм кьыхьымытэхьэнкІэ хьуну?

- Зы футболистым и захъуэ жэуап щІихьащ. ТекІуэныгъэ кьэзыхьри кьыхагъащІэри командэрщ. Будаковым ехьэлІа ди упщІэм зэкІэ жэуап пыухыкІа естыфынукъым.

КЪЭХЪУН Бачкъан.

ЩІалэгъуалэ зэпеуэ

Зы щыуагъэм и зэранкІэ

Краснодар «я напэр щатхэщІыжьыну». Арщхьэкіа ежьащ «Кубань»-р. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм и кІэухым ди гуащІэхьэхъуэмэхэм яІэщІэкІа щыуагъэр хэгъэрейхэм кьагъэсэбэпащ икІи текІуэныгъэр къаухъэзыхьа топ закъуэр дагъэкІащ.

Загъэпсэуу кьихьэжа иужькІэ, «Спартак-Налшыкыр» къаруушхуэкІэ ебгъэрыкІуащ, ауэ абы кьикІа щыІэкъым. Арати, аргуэрыжьу кьыхагъэщІауэ ди щІалэщІэхэм Налшык кьагъэзэжащ.

Адрей командэхэм я зэІущІэхэм мыпхуэдэу ихащ: Краснодар «я напэр щатхэщІыжьыну». Арщхьэкіа ежьащ «Кубань»-р. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм и гуащІэхьэхъуэмэхэм яІэщІэкІа щыуагъэр хэгъэрейхэм кьагъэсэбэпащ икІи текІуэныгъэр къаухъэзыхьа топ закъуэр дагъэкІащ.

Загъэпсэуу кьихьэжа иужькІэ, «Спартак-Налшыкыр» къаруушхуэкІэ ебгъэрыкІуащ, ауэ абы кьикІа щыІэкъым. Арати, аргуэрыжьу кьыхагъэщІауэ ди щІалэщІэхэм Налшык кьагъэзэжащ.

Адрей командэхэм я зэІущІэхэм мыпхуэдэ бжьыгъэхэр ихащ:

«Арарат» -